

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké pamarekan kuantitatif. Métode panalungtikanana kuasi ékspérimén. Desain ieu panalungtikan nyaéta *pre-test and post-test group*. *Pre-test* nyaéta kaayaan saméméh dibéré *perlakuan* sedengkeun *post-test* nyaéta kaayaan sanggeus dibéré *perlakuan*.

Tabél 3. 1
Desain Panalungtikan

<i>Pre-Test</i>	<i>Perlakuan</i>	<i>Post-Test</i>
O1	X	O2

Keterangan:

O1 = Tés anu dilaksanakeun saméméh *perlakuan*

X = *Perlakuan* maké stratégi SQ4R

O2 = Tés anu dilaksanakeun sanggeus *perlakuan*

(Arikunto, 2014, kc. 124)

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 172) sumber data mangrupa subjék ti mana data dimeunangkeunana. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung taun ajar 2018/2019 anu jumlahna 31 siswa. Ari anu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca pamahaman téks warta.

Tabél 3. 2
Jumlah Siswa Kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung Taun Ajar 2018/2019

NO	<i>Jenis Kelamin</i>	<i>Jumlah</i>
1	Jumlah Lalaki	13
2	Jumlah Awéwé	18
Jumlah Total		31

Siti Maya Mariam, 2019

**STRATÉGI SQ4R (SURVEY, QUESTION, READ, REFLECT, RECITE, REVIEW) PIKEUN
NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN TÉKS WARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2018, kc. 148) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nyaéta hiji alat pikeun ngukur *fénoména* alam atawa sosial. Instrumén panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data sangkan gampang diolah. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés wangun objéktif *pilihan ganda*. Soal tés jumlahna 20 soal. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipedar kisi-kisi jeung lembar tés *pre-test* jeung *post-test*.

3.3.1 Intrumén Tés

Kisi-kisi ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun méré watesan ngeunaan instrumén anu bakal dibikeun ka siswa. Kisi-kisina saperti ieu di handap.

Tabél 3. 3
Kisi-kisi Intrumén Tés Kamampuh Maca Pamahaman Téks Warta Pre-test jeung Post-test

<i>Kompetensi Dasar</i>	<i>Matéri</i>	<i>Indikator Pencapaian Kompetensi</i>	<i>Bentuk Soal</i>	<i>No. Soal</i>
3.2 Mengidentifikasi struktur teks dan aspek kebahasaan teks warta (berita)	Matéri Warta	Memahami struktur teks warta	PG	1,2,3,11,12, 19,20
		Memahami unsur-unsur teks warta	PG	4,5,6,7,8,9, 10,13,14,15
		Memahami unsur kebahasaan teks warta	PG	16,17,18

Ieu di handap téks warta anu dipaké dina panalungtikan, ieu téks warta dimuat dina koran galura nomer 36 taun ka-44 édisi 1 Pebruari 2019.

Tabél 3. 4
Téks Warta

Desamart, Solusi Ngungkulan Mahabuna Minimarket di KBB
<p>RARANCANG Pamarentah Kabupaten Bandung Barat (KBB), rek nutup minimarket, ulah ngan saukur wacana. “Ulah ukur dongéng, dina praktekna minimarket jumlahna beuki loba, ngalindes tukang dagang nu modalna kekerehet” cek Jajang, nu dagang kolontongan di Pasar Padalarang.</p> <p>Dug-degna minimarket, nurutkeun Omah Sutinah nu dagang sayuran di pasar tradisional Cililin, bisa disebutkeun mareuman usaha nu laleutik.</p> <p>Kilangbara meunang untung. Nu puguh mah, cek Wawan, mulangkeun modal dagang oge mineus. Da puguh usahana di Pasar Lembang, salila ieu karasa mingkin</p>

tiiseun. “Mangga we galih, ti saprak ngaleuyana minimarket sareng toko modern di Lembang dagangan abdi mani sakieu tiiseuna, baheula mah teu kieu-kieu teuing, dagang di jongko teh aya hasilna keur dalahar nu di imah,” pokna.

Mairan bangbaluh nu dagang di pasar tradisional, Kepala Dinas Perindustrian dan Perdagangan Pemkab KBB, Maman Sulaeuman, nandeskeun, izin minimarket jeung toko modern nu jugala, baris ditutup.

“Leres, jumlahna tos mahabu, diluar toleransi, jumlah minimarket ayeuna teh tos tilu ratus langkung, pasti ditutuplah, karunya padagang laeutik di pasar tradisional,” pokna.

Ngan, Maman ge balaka, bangbaluh ngabebenah minimarket, salila ieu lantaran wewenangna nu pagedrug. “Dina Perda Pasar Modern, unggelna aturan teu jelas, nu nartibkeun izin jeung pangwangunan minimarket, naha Dinas Indag atawa Satpol PP,” pokna.

Saenyana, cek Maman, pihakna geus remen ngogan pangusaha minimarket, samalah anyar keneh pisan dikumpulkeun di rohangan gawena. Maman nepikeun tangara yen Pemkab KBB geus moal mere izin deui ayana pangwangunan minimarket jeung toko modern nu jugala.

“Disaliksik tina data administrasi, ngan aya 46 minimarket nu geus bukti ngantongan Izin Usaha Toko Modern (IUTM), sesana nu ratusan jumlahna can ngabogaan izin. Bangbaluh sejenna, apan jelas kaunggel dina aturanna jarak minimarket jeung pasar tradisional teh 500 meter, kanyataanna pangusaha minimarket ngalanggar aturan, ngadegkeun minimarket jarakna deukeut pisan, paling copel angganna teh 200 meteran,” pokna.

Luyu jeung parentah Bupati KBB, Maman, saterusna nyebutkeun, pihakna kiwari keur ngabaladah, rancang ngadegkeun Desamart taun 2020. “Masih diteuleuman keneh, akang masih koordinasi jeung pihak desa, tokoh masarakat, pangusaha jeung dina terkait, intina, keur ngawujudkeun Desamart merlukeun rojongan ti sakumna instansi jeung masarakat. Udagan Desamart teh keur ngaronjatkeun karaharjaan hirup masarakat di padesaan,” pokna.*** **CECEP KS**

Tabél 3. 5
Soal Pre-test jeung Post-test

Wasta :
Kelas :
Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

Pilihan Ganda
Pilih jawaban nu benerna.

1. *Headline* dina warta nu geus dibaca ku hidép nyaéta
 - a. Rarancang pamaréntah Kabupatén Bandung Barat
 - b. Ngadegkeun Desamart di KBB

- c. Mahabuna Minimarkét di KBB
 d. Desamart, Solusi Ngungkulan Mahabuna Minimarkét di KBB
2. Rarancang pamaréntah Kabupatén Bandung Barat rék nutup minimarkét, ulah ngansaukur wacana. “Ulah ukur dongéng, dina praktékna minimarkét jumlahna beuki loba, ngalindes tukang dagang nu modalna kekerehet” cek Jajang, nu dagang kolontongan di pasar Padalarang.
 Kalimah di luhur kaasup bagéan warta anu mangrupa
- Headline* (judul) warta
 - Lead* (bubuka, intro) warta
 - Waruga warta
 - Tubuh warta
3. “Disaliksik tina data administrasi, ngan aya 46 minimarkét nu geus bukti ngantongan Izin Usaha Toko Modérn (IUTM), sésana nu ratusan jumlahna can ngabogaan izin. Bangbaluh séjénna, apan jelas kaunggel tina aturanana jarak minimarkét jeung pasar tradisional téh 500 méter, kanyataanana pangusaha minimarkét ngalanggar aturan, ngadegkeun minimarkét jarakna deukeut pisan, paling copél jarakna téh 200 méteran” pokna.
 Kalimah di luhur kaasup bagéan warta anu mangrupa ...
- Headline* (Judul)
 - Lead* (bubuka, intro)
 - Waruga Warta
 - Panutup
4. Naon anu di padungdengkeun dina teks warta nu geus dibaca ku hidép?
- Mahabuna minimarkét
 - Mahabuna tukang dagang kolontongan
 - Mahabuna tukang sayuran
 - Mahabuna pasar tradisional
5. Kepala Dinas Perindustrian dan Perdagangan Pemkab KBB téh nyaéta
- Jajang
 - Omah Sutinah
 - Wawan
 - Maman Sulaeman
6. Dimana mahabuna minimarkét téh
- Kabupatén Bandung Timur
 - Kabupatén Bandung Utara
 - Kabupatén Bandung Barat
 - Kabupatén Bandung Selatan
7. Kunaon sababna mini market kudu ditutup?
- Lantaran jumlahna nu loba ngalindes tukang dagang nu modalna kekerehet
 - Lantaran dina aturan pamarentah jumlah minimarkét ulah loba teuing
 - Lantaran di pasar beuki dieu beuki sepi
 - Lantaran jumlah tukang dagang leuwih saeutik ti batan jumlah minimarkét
8. Pihak pamaréntah geus ngararancang rék ngadegkeun Desamart dina taun
- 2019
 - 2020
 - 2021
 - 2022
9. Naon tujuan diayakeuna Desamart?
- Keur ngaronjatkeun karaharjaan hirup masarakat di padesaan
 - Keur ngarepehkeun pedagan-pedagang tradisional sangkan teu loba protes
 - Keur nyaingan minimarkét-minimarkét nu aya di pedesaan
 - Keur ngaronjatkeun karaharjaan pamaréntah
10. Kumaha tarékah pamaréntah pikeun ngungkulan pasualan mahabuna minimarkét di

KBB?

- a. Pemkab KBB nutup paksa minimarkét-minimarkét anu teu boga surat izin usaha toko modérn.
 - b. Pemkab KBB geus moal méré izin deui ayana pangwangunan minimarkét jeung toko modérn sarta ngararancang rék ngadegkeun Desamart pikeun ngaronjatkeun karaharjaan masarakat padesaan.
 - c. Pemkab KBB nutup paksa minimarkét-minimarkét anu jarakna kurang ti 500 méter ti pasar tradisional.
 - d. Pemkab KBB ngayakeun survéy ka minimarkét-minimarkét nu teu boga surat izin usaha toko modérn
11. Jarak minimal minimarkét jeung pasar téh nyaéta
- a. 300 méter
 - b. 400 méter
 - c. 500 méter
 - d. 600 méter
12. Dumasar kana administrasi jumlah minimarkét nu geus nyepeng Izin Usah Toko Modérn nyaéta aya....minimarkét
- a. 45
 - b. 46
 - c. 47
 - d. 48
13. Saha anu dagang kolontongan di pasar Padalarang téh?
- a. Omah sutinah
 - b. Wawan
 - c. Jajang
 - d. Maman sulaeman
14. Kumaha ceunah pamadegan Wawan ngeunaan ayana minimarkét jeung toko modérn di pasar Lembang?
- a. Usahana di pasar mungkin tiiseun ti saprak ngaleuyana minimarkét jeung toko modérn
 - b. Usahana di pasar mungkin maju lantaran kabawakeun rame ku ayana minimarkét jeung toko modérn
 - c. Usahana di pasar biasa wae aya henteuna minimarkét jeung toko modérn teu jadi pangaruh
 - d. Usahana di pasar mungkin payu ti saprak aya minimarkét jeung toko modérn
15. Naon bangbaluh Kepala Dinas Perindustrian dan Perdagangan Pemkab KBB, Maman Sulaeman dina ngabebenah minimarkét?
- a. Kurang apal kana aturan Dinas Indag jeung Satpol PP.
 - b. Kurang teges dina méré izin ka pihak pausahaan minimarket.
 - c. Wewenang nu pagedrug nu nartibkeun izin jeung pangwangunan minimarket, naha Dinas Indag atawa Satpol PP.
 - d. Euweuh aturan anu tangtu ngeunaan katartiban pangwangunan minimarket.
16. Di handap ieu nu mangrupa kalimah opini nyaéta
- a. Bangbaluh séjénna apan geus jelas kaunggel dina aturanana jarak minimarkét jeung pasar tradisional téh 500 métér.
 - b. Luyu jeung paréntah bupati kbb, maman, saterusna nyebutkeun, pihakna kiwari keur ngabaladah, rarancang ngadegkeun desamart taun 2020.
 - c. Jumlah minimarkét ayeuna téh tos tilu ratus langkung, pasti ditutuplah, karunya pedagang laleutik di pasar tradisional
 - d. “Ulah ukur dongéng, dina praktékna minimarkét jumlahna beuki loba, ngalindes tukang dagang nu modalna kekerehet” cek Jajang.
17. Di handap ieu anu mangrupa kalimah fakta nyaéta
- a. Disaliksik tina data administrasi, ngan aya 46 minimarkét nu geus bukti

ngantongan Izin Usaha Toko Modérn (IUTM)

b. Kilangbara meunang untung. Nu puguh mah, cek Wawan, mulangkeun modal dagang ogé mineus.

c. Saenyana, cek Maman, pihakna geus remen ngogan pangusaha minimarkét, samalah anyar kénéh pisan dikumpulkeun di rohangan gawéna.

d. Udagan Desamart téh keur ngaronjatkeun karaharjaan hirup masarakat di padésaan.

18. Bangbaluh séjénna, apan jelas kaunggel tina aturanana jarak minimarkét jeung pasar tradisional téh 500 méter, kanyataana pangusaha minimarkét ngalanggar aturan, ngadegkeun minimarkét jarakna deukeut pisan, paling copél anggangna téh 200 méteran.

Kalimah di luhur mangrupa kalimah

a. Langsung

b. Opini

c. Fakta

d. Wawaran

19. Udagan Desamart téh keur *ngaronjatkeun* karaharjaan hirup masarakat di padésaan.

Kecap ngaronjatkeun dina kalimah di luhur mibanda harti

a. Ngamekarkeun

b. Ngalancarkeun

c. Ningkatkeun

d. Ninggalkeun

20. Saenyana, cek Maman, pihakna geus remen *ngogan* pangusaha minimarkét, samalah anyar kénéh pisan dikumpulkeun di rohangan gawéna.

Kecap ngogan dina kalimah di luhur sarua hartina jeung

a. Ngondang

b. Ngolo

c. Ngangken

d. Ngageroan

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Pamarekan ieu panalungtikan nyaéta kuantitatif kalawan maké métode kuasi ékspérimén. Désain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test and post-test group*. Prosedur panalungtikan baris ditétélakeun ieu di handap.

1) Tatahar

Dina tahap tatahar panalungtik ngayakeun survéy ka sakola anu baris dilaksanakeun panalungtikan nyaéta SMP Negeri 40 Bandung ngeunaan masalah naon anu karandapan ku siswa dina pangajaran maca basa Sunda. tuly panalungtik ngararancang léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun dina panalungtikan oikeun ngungkulan masalah nu aya nyaéta maké stratégi SQ4R pikeun ngaréngsékeun masalah dina pangajarn maca pamahaman téks warta.

Anu jadi variabel dina ieu panalungtikan aya dua, nyaéta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébasna stratégi SQ4R, sedengkeun nu dipangaruhanna mangrupa variabel kauger nyaéta kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMP Negeri 40 Bandung.

2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Dumasar masalah anu kapaluruh dina pangajaran maca pamahaman, pikeun ngumpulkeun data panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas. Téhnik anu dipaké nyaéta téhnik tés. Dilaksanakeun dua kali, kahiji *pre-test* dilaksanakeun saméméh dibéré perlakuan tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh maca pamahaman téks warta siswa saméméh maké strategi SQ4R. Tés kadua nyaéta *post-test* anu dilaksanakeun sanggeus *perlakuan* tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh maca pamahaman téks warta siswa sanggeus maké strategi SQ4R.


3) Ngalalisis Data


Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan tangtu aya data *pre-test* jeung *post-test*. Ku kituna panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data hasil panalungtikan maké rumus-rumus statistika.

4) Kacindekkan

Sanggeus ngalaksanakeun sakabéh prosedur panalungtikan nu ngawengku tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyieun kacindekkan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

Prosedur ieu panalungtikan dijéntrékeun dina bagan di handap.





Bagan 3. 1
Prosedur Panalungtikan

3.5 Analisis Data

3.5.1 Téknik Analisi Data

Téknik ngolah data digunakeun pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu kapanggih dina panalungtikan. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil *pre-test* jeung *post-test* sarta pikeun ngajawab masalah-masalah anu karandapan salila panalungtikan.

Ngolah data tés dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap

- 1) Mariksa hasil *pre-test* jeung *post-test*
- 2) Meunteun hasil *pre-test* jeung *post-test*

Tabél 3. 6
Katégori Skor Maca Pamahaman Téks Warta

No	Aspék	Skala	Katégori
1	Struktur	0-1	Kurang pisan (KP), euweuh nu bener
		2-3	Kurang (K), aya saeutik anu bener
		4-5	Sedeng (S), jumlah anu bener jeung nu salah kurang leuwih saimbang
		6-7	Hadé (H), jawaban anu bener leuwih loba saeutik nu salahna.
2	Unsur	0-2	Kurang pisan (KP), euweuh nu bener
		3-5	Kurang (K), aya saeutik anu bener
		6-8	Sedeng (S), jumlah anu bener jeung nu salah kurang leuwih saimbang
		9—10	Hadé (H), jawaban anu bener leuwih loba saeutik nu salahna.
3	Basa	0	Kurang pisan (KP), euweuh nu bener
		1	Kurang (K), aya saeutik anu bener
		2	Sedeng (S), jumlah anu bener jeung nu salah kurang leuwih saimbang
		3	Hadé (H), jawaban anu bener leuwih loba saeutik nu salahna.

(diropéa tina Nurgiyantoro, 2014, kc. 392)

Meunteun hasil *pre-test* jeung *post-test*, maké rumus:

$$P = \frac{\Sigma \text{ skor siswa}}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan :

P : peunteun

Σ skor siswa : jumlah peunteun siswa

Σ skor maksimal : jumlah peunteun maksimal

Tabél 3. 7
Kategori Peunteun

<i>Interval Perséntas e</i>	<i>Interval Skor</i>	<i>Peunteun</i>	<i>Kritéria</i>	<i>Keterangan</i>
76%-100%	16-20	76-100	H	Hadé
51%-75%	11-15	51-75	S	Sedeng
26%-50%	6-10	26-50	K	Kurang
0%-25%	1-5	0-25	KP	Kurang pisan

3) Skor ahir siswa diasupkeun kana tabél di handap.

Tabél 3. 8
Skor Hasil Peunteun Siswa

No Abse n	<i>Kamampuh Maca Pamahaman</i>											Σ_1	Σ_2	P_1	P_2	<i>Kat.</i>	
	<i>Struktur</i>			<i>Unsur</i>							<i>Aspék Basa</i>						
	A	B	C	D	E	F	G	H	I	J	K						
1																	
2																	
3																	
4																	
5																	
Jst.																	
Σ																	
\bar{x}																	

Keterangan :

A = *Headline* (Judul Warta)

B = *Lead* (Bubuka)

C = Waruga Warta

D = *What* (Naon)

E = *Who* (Saha)

F = *When* (Iraha)

G = *Where* (Dimana)

H = *Why* (Kunaon)

Σ_1 = Jumlah Skor Maksimal

Σ_2 = Jumlah Skor (A+B+C+D+E+F+G+H+I+J+K)

I = *How* (Kumaha)

J = Kalimah Fakta

K = Kalimah Opini

P_1 = Peunteun Maksimal

P_2 = Peunteun Siswa

\bar{x} = Rata-rata

1.5.2 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data maké *software Statistical Package for the Social Sciences* (SPSS) vérsi 18 nu ngawengku uji sipat data jeung uji hipotésis.

SPSS mangrupa salah sahiji program analisis data anu bisa digunakeun pikeun ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik Susetyo (2012, kc. 266).

3.5.2.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas. Uji normalitas tujuanna pikeun ngayakinkeun, yén éta data mibanda distribusi anu normal atawa teu normal. Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov* atau uji sampel *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

Ha : Distribusi data normal.

Ho : Distribusi teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha=0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

Ha ditarima, mun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

Ho ditolak, mun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

Pikeun nangtukeun ieu data miboga distribusi anu normal atawa henteuna, dilaksanakeun sababaraha léngkah dina aplikasi SPSS 18 ieu di handap. (Susetyo 2012, kc. 276).

- 1) Menu *analyze*
- 2) Pilih *descriptive statistic* tuluy pilih *explore*
- 3) Menu *explore* asupkeun data anu bakal dianalisis normalitasna kana *dependent list*
- 4) Klik *display* kotak *plot* tuluy buka aktifkeun *normality plot with test*
- 5) Pilih OK

3.5.2.2 Uji Hipotésis

Pikeun nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saumpama data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna maké statistik parametris kalawan maké

Paired Dependent Sample T-Test. Sedengkeun saumpama data téh miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna maké statistik nonparametris kalawan maké *Wilcoxon Match Pairs Test*. Hipotésis nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

H_a = Aya béda nu signifikan antara kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMPN 40 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sanggeus maké stratégi SQ4R

H_o = Teu aya béda nu signifikan antara kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-F SMPN 40 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sanggeus maké stratégi SQ4R

Kritéria pikeun nangtukeun hasil uji hipotésis nyaéta saperti ieu di handap.

Lamun signifikasi (*Sig.2-tailed*) $< 0,05$ hartina H_a ditarima.

Lamun signifikasi (*Sig.2-tailed*) $> 0,05$ hartina H_a ditolak.

Léngkah-léngkah uji hipotésis maké SPSS saperti ieu di handap. (Susetyo, 2012, kc. 277).

- a. Pilih *analyze*
- b. Pilih *compare means*
- c. Pilih *pared simple t-test*
- d. Asupkeun variabel 1 jeung variabel 2 kana kolom *paired variabel*
- e. Pilih *option*, eusi *convidance interval* saluyu jeung kabutuhan misal (99%, atawa 95%)
- f. Pilih *continue*
- g. Pilih OK